

[\*\*◀Atik  
anvan-an\*\*](#)[\*\*Gid jénéral-la\*\*](#)[\*\*Atik▶  
apré-a\*\*](#)

# TOUAZIÈM PATI **Lavi nan Kris-la**

---

## DÉZIÈM SÉKSION **Dis kòmandman-yo**

---

### DÉZIÈM CHAPIT « Sé pou rinmin prochin-ou tankou pròp tèt-ou »

---

#### ATIK 7 **Sétièm kòmandman-an**

« Ou pap vòlè » (Ex 20, 15 ; Dt 5, 19).

« Pa vòlè » (Mt 19, 18).

2401                   Sétièm kòmandman-an intèdi pou pran oubyin kinbé byin prochin-an  
*1807*                   épi fè prochin-an sibi domaj nan byin-l yo, kèlkésoua fason ki pa jis. Li  
*952*                   kòmandé jistis ak charité nan jéstion byin tè-a ak frui travay moun-nan.  
                         Poutèt byin komin-an, li mandé réspè ni pou déstinasion inivèsèl byin-yo  
                         ni doua pou gin propriété privé-a. Lavi krétyin-an ap fè éfò pou-l dirijé  
                         byin tè sa-a an fonksion Bondié ak charité fratènèl-la.

#### **I. Déstinasion inivèsèl épi propriété privé byin-yo**

2402                   Okòmansman, Bondié té konfié tè-a ak résous li-yo bay tout ras moun-nan ansanm pou-l jéré-l pou-l té pran souin-l, pou-l dominé-l avèk travay-li épi pou-l joui frui-l yo (cf. Gn 1, 26-29). Byin kréasion-an la pou tout ras moun-nan. Poutan yo distribué tè-a pamí moun-yo pou ba yo sékirité lavi-a ki nan danjé grangou épi violans ap ménasé. Posédé byin-yo, sa léjitim pou garanti libèté ak dignité moun-yo, pou édé chak moun satisfè békouin fondamantal li-yo ak békouin moun ki sou kont li-yo. Sa doué pèmèt dévlopé solidarité ki ginyin natirèlman ant moun-yo.

2403      *Doua pou gin propriété privé-a*, sa yo achté oubyin yo résévoua yon fason ékitab-la, pa éliminé donasian ki fêt dépi nan kòmansman-an bay tout ras moun-nan ansanm-nan. *Déstinasian inivèsèl byin-yo* rété anvan tout lòt, minmsi avansman réspè byin komin-an égzijé propriété privé-a, doua pou ginyin-l nan ak fason pou égzèsé-l la.

2404      « Antan l-ap sèvi ak byin sa-yo, moun ki posédé byin sou pa déyò-yo yon fason léjitim pa doué konsidéré byin sa-yo sèlman kòm pròp afè pa-l, min tou kòm byin komin, poutèt sé pa avantaj pa-l sèlman l-ap chèché min pa lòt-yo tou » (GS 69, § 1). Posédé yon byin fè propriété-a tounin administratè Providans-la, pou-l fè byin sa-a donnin frui épi patajé bénéfis li-yo ak lòt-yo, toudabò prochin-l yo.

2405      Byin yo produi-yo – matérièl oubyin imatérièl – tankou jadin oubyin izîn, konpétans oubyin téknik, mandé pou propriété yo pran souin yo pou pi plis moun kapab profité nan sa yo donnin. Moun ki posédé byin konsomasion ki périsab, sé ak tanpérans yo doué sèvi avèk yo, antan yo rezèvé pi bon pòsion-an pou moun yo résévoua-yo (hôtes), pou malad-yo ak pòv-yo.

2406      *Otorité politik-la* gin doua ak dévoua pou-l dirijé pratik léjitim doua propriété-a, an fonksion byin komin-an (cf. GS 71, § 4 ; SRS 42 ; CA 40 ; 48).

## II. Réspè pou moun-yo ak pou byin-yo

2407      Nan domèn économik-la, réspè dignité moun-nan égzijé vèrtu *tanpérans-la*, pou tanpéré atachman yo ginyin pou byin tè sa-a ; vèrtu *jistis-la*, pou prezèvè doua prochin-an épi ba li sa yo doué-l ; épi *solidarité-a*, dapré “règle d’or”-la épi dapré lajès Granmèt-la ki « vîn pòv, malgré li té rich, pou nou té kapab vîn rich antan-l vîn pòv-la » (2 Co 8, 9).

### Réspè pou byin lòt moun ginyin

2408      Sétièm kòmandman-an intèdi *vòlè*, sètadi pran byin yon lòt kont volonté rézonab mèt-li. Pa gin vòl si yo kapab sipozé té gin konsantman oubyin si réfizé yo réfizé-a kontrè ak prinsip détinasion inivèsèl byin-yo. Sa-a sé ka ki rivé lè gin nésesité klè épi présé koté sèl mouayin pou satisfè bbezouin imédia épi ésansièl-yo (manjé, kay, rad...) sé désidé osijè byin lòt moun épi sèvi avèk yo (cf. GS 69, § 1).

2409      Tout fason ki injis pou pran oubyin kinbé byin lòt moun, minmsi-l pa kontrè ak dispozision laloua sivil-la, li kontrè ak sétièm kòmandman-an. Sé konsa sa yé lè yon moun désidé kinbé byin yo prété-l oubyin bagay ki pèdi ; lè li fè frod nan kòmès (cf. Dt 25, 13-16) ; lè li peyé salè ki injis (cf. Dt 24, 14-15 ; Jc 5, 4) ; lè li ogmanté pri antan l-ap fè profi sou ignorans oubyin détrès lòt-yo (cf. Am 8, 4-6).

Sou plan moral-la bagay sa-yo tou pa akséptab : tranzaksion k-ap bay avantaj koté yon moun travay pou-l fè pri byin-yo chanjé yon fason atifisièl, pou-l kapab fè profi sou do yon lòt ; koripsion-an ki fè yo détounin jijman moun ki t-a doué pran désision dapré jistis-la ; pran posésion byin sosial yon antrépriz pou sèvi avèk li an privé ; travay ki mal égzékité, tronpri nan péyé taks (frod fiskal), bay fo-chèk ak fo-fakti, dépans san kontròl, gaspiyaj. Andomajé volontèman propriété privé oubuin piblik, sa kontrè ak laloua moral-la épi li égzijé réparasian.

2410                    Yo doué kinbé *promès* yo fè épi réspékté yon fason strikt *kontra* ki signin nan mézi obligasion yo pran-an kòrèk moralman. Yon gran pati nan lavi sosial épi économik-la dépann dé valè kontra ki fèt ant pèsòn fizik-yo oubuin moral-yo. Sé konsa sa yé pou kontra komèsial achté ak vann ; pou kontra lokasion oubuin travay. Tout kontra doué fèt épi égzékité an tout bòn foua (bon konfians).

2411                    Kontra-yo anba *jistis komutativ*-la ki réglé échanj ant moun oubuin ant institision, antan yo réspékté doua yo éggzaktéman. Jistis komutativ-la gin obligasion ki strikt ; li égzijé protéksion doua propriété-a, pèman dèt-yo ak éggékision obligasion yo vîn ginyin dapré kontra ki fèt libréman. San jistis komutativ-la, pap gin okinn lòt fòm jistis k-ap posib.

Yo distingé jistis *komutativ*-la parapò a jistis *légal*-la ki konséné sa sitouayin-an doué bay kominoté-a yon fason ékitab, épi parapò a jistis *distributiv*-la ki réglé sa kominoté-a doué bay sitouayin-yo dapré propòsion kontribision yo ak bézouin yo.

2412                    Poutèt jistis komutativ-la, *réparasian injistis* ki fèt égzijé pou yo  
1459                    rinnmèt byin yo té pran-an bay propriété-l :

2487                    Jézu béni Zaché poutèt angajman li pran-an : « Si-m té vòlè yon moun, mouin rinnmèt li kat foua plis » (Lc 19, 8). Moun ki té pran byin yon lòt dirèktéman oubuin indirèktéman, gin obligasion pou yo rinnmèt li, oubuin pou yo bay kichòy ki ékivalan an nati oubuin an éspès, si bagay-la disparèt, épi frui ak avantaj propriété-a t-ap jouinn nan bagay-la yon fason léjitim. Minm jan-an tou, tout moun ki té patisipé nan vòlè kichòy yon fason kèlkonk oubuin ki té profité dé li konsiaman, yo gin obligasion pou yo rinnmèt, dapré propòsion responsabilité yo épi avantaj yo fè ; parégzanp moun ki té bay lòd fè vòl-la, oubuin ki té édé fè-l, oubuin ki té kaché-l.

2413                    *Jédaza* (*jeux de hasard*) (jouèt kat, etc.) oubuin *pariaj* (*pari*) pa kontrè ak jistis-la nan yo-minm. Yo vîn pa kapab aksépté yo moralman, lè yo fè moun-nan pèdi sa-k nésésè pou satisfè bézouin-l ak bézouin lòt-yo. Pasion pou jédaza-a kapab minnin nan danjé grav pou-l tounin yon ésklavaj. Parié yon fason injis oubuin fè frod nan jouèt sé yon matiè grav, sof si domaj yo fè-a t-a tèlman léjé, moun ki sibi-l la konsidéré yon fason rézonab li pa gin gran inpòtans.

2414                   Sétièm kòmandman-an intèdi aksion ak antrépriz ki pou kèlkésoua  
 2297 rézon-an, soua égojis, idéolojik, komèsial oubiyin totalité, minnin nan  
 pasé *moun anba pié*, antan yo pa rékonèt dignité yo kòm moun, lè yo  
 achté yo, vann yo oubiyin troké yo kòm machandiz. Sé yon péché kont  
 dignité moun-yo ak doua fondamantal yo ginyin-yo pou rabésé valè yo ak  
 violans soua pou sèvi avèk yo soua pou yo tounin sous profi. Sin Pòl té  
 mandé yon mèt krétyin pou-l pa trété ésklav li-a ki té krétyin « tankou yon  
 ésklav ankò min [...] tankou yon frè ou rinmin anpil [...] ni nan chè-a, ni  
 nan Granmèt la » (Phm 16).

### Réspékté intégrité kréasion-an

2415                   Sétièm kòmandman-an mandé pou réspékté intégrité kréasion-an. Ni  
 226, 358 bêt-yo, ni plant-yo ni réalité ki pa vivan-yo la pou byin komin ras moun-  
 373 nan ni sa-k déjà pasé, ni sa-k la kounié-a ni sa k-ap vini-an (cf. Gn 1, 28-  
 31). Sèvi ak résous minéral, végétal épi animal ki sou tout tè-a pa kapab  
 détaché ak réspè égzijans moral-yo. Dominasian Kréatè-a bay moun-nan  
 sou réalité ki pa vivan-yo ak sa-k vivan-yo pa san réstriksion ; yo doué  
 378 méziré-l parapò a souin kalité lavi prochin-an ki gin ladan-l jénérasion k-  
 ap vini-yo ; sa mandé pou yo réspékté intégrité kréasion-an avèk souin  
 (cf. CA 37-38).

2416                   *Bèt-yo* sé kréati Bondié. Li-minm li vlopé yo nan souin providans li-a  
 (cf. Mt 6, 26). Ak simp égzistans yo, y-ap fè konpliman épi y-ap bay  
 344 Kréatè-a gloua (cf. Dn 3, 57-58). Moun-yo tou doué gin byinvéyans pou  
 yo. Sé pou yo sonjé ak ki délikatès konsidération sin-yo, sitou sin  
 Fransoua d'Asiz oubiyin sin Filip Néri té konn trété bêt-yo.

2417                   Moun-nan Bondié li-minm kréyé dapré pòtré-l la li konfié-l pran souin  
 2234 bêt-yo (cf. Gn 2, 19-20 ; 9, 1-4). Sé poutèt sa li léjitim pou yo sèvi ak bêt-  
 yo kòm manjé oubiyin pou fè rad. Yo kapab doméstiké yo pou yo asisté  
 moun-nan nan travay-li ak détant li. Ékspérimantasion médikal épi  
 siantifik k-ap fèt sou yo kapab moralman akséptab si yo rété anndan limit  
 ki rézonab épi si sé pou géri oubiyin sové lavi moun-nan.

2418                   Sa kontrè ak dignité moun-nan pou-l fè yon bêt soufri san rézon  
 2446 oubiyin pou gaspiyé lavi yo. Sa pa konvnab non plis pou y-ap dépansé  
 kantité lajan pou yo, lajan ki t-a kapab sèvi pito pou soulajé mizè moun-  
 yo. Yo kapab rinmin bêt-yo ; min yo pa kapab viré nan diréksion yo  
 aféksion yo doué bay moun-nan sèlman.

### III. Dotrîn sosial l'Égliz-la

2419                   « Révélasion krétièn-nan [...] minnin nan yon konpréansion ki pi afon  
 1960 pou lavi sosial-la » (GS 23, § 1). L'Égliz-la résévoua nan Évanjil-la  
 359 plénitud révélasion vérité-a osijè moun-nan. Lè l-ap akonpli mision-l nan

anonsé Évanjil-la, nan non Kris-la, li bay moun-nan témoagnaj osijè dignité li ginyin kòm moun-nan épi vokasion-l pou kominion moun-yo ; li aprann moun-nan égzijans jistis-la ak lapè-a dapré sajès Bondié-a.

2420            L'Égliz-la bay yon jijman moral sou réalité économik ak sosial-la, « lè doua fondamantal moun-nan oubyin salu nanm-yo égzijé sa » (GS 76, § 5). Nan domèn moralité-a l-ap aji dapré yon mision ki diféran parapò ak otorité politik-yo : l'Égliz-la pran souin aspè tanporèl byin komin-an poutèt yo orienté nan diréksion Byin ki pi ro-a, dènié aboutisman nou. Li fè éfò pou-l inspiré konpòtman ki kòrèk parapò a byin tè-a épi nan rélasion sosial ak économik-yo.

2421            Doktrîn sosial l'Égliz-la té dévlopé nan diznévièm sièk-la nan rankont Évanjil-la ak sosiété indistri téknik modèn-nan, ak novo òganizasyon pou prodiksion byin y-ap konsomé-yo, ak novo lidé sosial sou léta-a ak otorité-a, ak novo fòm travay ak propriété. Dévlopman dotrîn sosial l'Égliz-la nan domèn économik épi sosial-la témoagné kijan ansègnman l'Égliz-la gin yon valè ki pèmanan, épi an minm tan kijan vrè signifikasyon Tradision-l nan toujou vivan épi aktif (cf. CA 3).

2422            Doktrîn sosial l'Égliz-la anbrasé yon séri ansègnam k-ap fòmé ofiamézi l'Égliz-la ap intèprétré événman déroulman istoua-a anba limiè tout paròl-la Kris Jézu té révélé-a avèk asistans Éspri-Sin-an (cf. SRS 1 ; 41). Ansègnman sa-a vîn pi asképtab pou moun ki gin bòn volonté-yo nan mézi li inspiré konpòtman fidèl-yo pi plis.

2423            Doktrîn sosial l'Égliz-la prezanté prinsip réfléksion ; li dégajé kritè pou jijman ; li bay konsèy pou aksion-an :

Tout sistèm ki t-a prétann éléman économik-yo détèminé rélasion sosial-yo toutantié, li kontrè ak sa moun-nan yé épi ak sa aksion-l yo yé (cf. CA 24).

2424            Yon téori ki fè pou sé profi-a sèlman ki pou réglé éksklizivman aktivité économik-la épi ki pou dènié finalité-l, pa akséptab moralman. Souaf déréglé pou fè lajan pa sispann produi pèvèson kòm konsékans (ki tèt anba). Sé youn nan kòz anpil goumin k-ap déranjé lòd sosial-la (cf. GS 63, § 3 ; LE 7 ; CA 35).

Yon sistèm ki « sakrifié doua fondamantal moun-yo ak group-yo pou favorizé koléktivism-nan nan òganizasyon prodiksion-an » li kontrè ak dignité moun-nan (GS 65). Tout aksion ki rédui moun-nan fè-l tounin yon sinp mouayin pou rivé fè profi, li mété-l anba pié, minnin nan adoré lajan tankou yon zidòl épi li édé fè atéism-nan valé térin. « Nou pa kapab sèvi Bondié ak mamon (lajan) » (Mt 6, 24 ; Lc 16, 13).

2425            L'Égliz-la té rejté idéoloji totalité épi até yo ki té asosié nan tan modèn-nan ak « komunism-nan » oubyin « sosialism-nan ». An plis, nan

pratik « kapitalism-nan » li té réjté individualism-nan ak prémié plas yo bay laloua maché-a san réstriksion sou travay moun-nan (cf. CA 10 ; 13 ; 44). Réglémanté ékonomik-an ak yon sèl òganizasian santralizé sèlman ap pèvèti rapò sosial-yo (mété yo tèt anba) ; réglémanté-l sèlman ak laloua maché-a ap ofansé jistis sosial-la, paské « gin békouin moun-nan ginyin, maché-a pa kapab satisfè » (CA 34). Yo doué mété an avan yo réglémantasion maché-a ak inisiativ ékonomik-yo ki rezonab dapré yon lòd valè-yo ki kòrèk antan yo fè atansion pou byin komin-an.

1886

#### IV. Aktivité ékonomik-la épi jistis sosial-la

2426 Dévelopman aktivité ékonomik-yo ak ogmantasion prodikcion-an fèt pou bay mouayin satisfè nésésité moun-yo. Lavi ékonomik-la pa la sèlman pou fè byin y-ap produi-yo vîn anpil, pou ogmanté profi oubiyin puisans ; yo la toudabò pou sèvi moun-yo, tout moun-nan intégralman épi tout kominoté moun-nan. Aktivité ékonomik-la, antan y-ap minnin-l dapré pròp métòd ak prinsip-li, anndan limit lòd moral-la, antan y-ap suiv jistis sosial-la, yo doué pratiké-l yon fason pou-l korésponn ak projè Bondié sou moun-nan (cf. GS 64).

1928  
307  
378  
531

*Travay moun-nan* soti imédiatman nan sa moun-yo yé kòm pèrsòn ki kréyé dapré pòtré Bondié épi yo rélé pou yo prolongé travay kréasion-an youn pou lòt antan yo dominé tè-a (cf. Gn 1, 28 ; GS 34 ; CA 31). Travay-la donk sé yon dévoua : « Si yon moun pa vlé travay, li pa doué manjé non plis tou » (2 Th 3, 10 ; cf. 1 Th 4, 11). Travay-la onoré kado Kréatè-a épi talan moun-yo résévoua-yo. Li kapab minm yon rédanmsion. Lè moun-nan sipòté soufrans travay-la (cf. Gn 3, 14-19) antan-l fè youn ak Jézu, ménuzié Nazarèt-la yo té klouré sou Kalvè-a, nan yon fason li kolaboré ak Pitit Bondié-a nan travay rédanmsion-an. Li montré li sé disip Kris-la antan-l poté koua chak jou-a nan aktivité yo rélé-l pou-l fè-a (cf. LE 27). Travay-la kapab yon mouayin pou moun-nan vîn sin épi fè réalité tè-a maché dapré Éspri Kris-la.

2428  
2834  
2185

Nan travay-la moun-nan éggèsé épi réalisé yon pati nan kapasité ki inskri nan natu-li. Prémié valè travay-la sé an fonksion moun-nan minm k-ap fè-l épi ki déstinatè-l. Travay-la sé pou moun-nan, sé pa moun-nan ki pou travay-la (cf. LE 6).

Chak moun doué jouinn mouayin li békouin nan travay-la pou-l soutni lavi-l ak lavi fanmi-l, épi pou-l rann kominoté moun-nan sèvis.

2429

Chak moun gin *doua pou-l pran inisiativ ékonomik*, chak moun gin pou-l sèvi yon fason léjitim ak talan li ginyin pou kontribué nan produi anpil byin ki profitab pou tout moun épi pou-l rékòlté frui ékitab pou éfò l-ap fè. Sé pou-l pran souin konfòmè-l ak régléman otorité léjitim-yo mété pou asiré byin komin-an (cf. CA 32 ; 34).

- 2430      *Lavi ékonomik-la* mété diféran intérè an mouvman, souvan yo opozé youn ak lòt. Sé sa ki ékspliké nésans konfli ki karaktérisé-l yo (cf. LE 11). Sé pou yo fè éfò pou diminué konfli sa-yo antan yo négosié yon fason ki réspékté doua ak dévoua chak pati nan sosiété-a : sa-k responsab antrépriz-yo, sa-k réprésanté salarié-yo, parégzanz òganizasyon travayè-yo (syndicat), épi, si sa nésèsè, pouvoua piblik-yo.
- 2431      *Réponsabilité léta.* « Aktivité ékonomik-la, sitou sa-k konséné échanj komèsial-yo (ékonomi maché-a) pa kapab déplouayé si manké laloua institision-yo, règleman jiridik ak politik. Okontrè aktivité sa-a mandé pou libète chak moun ak doua propriété privé-a asiré, pou valè lajan péyi-yo stab épi pou sèvis piblik-yo valab. Fonksion prinsipal Léta-a sé garanti sékirité-a yon fason pou ouvriyé-a ansam ak fabrikan-an kapab joui frui travay yo épi konsa vîn gin élan pou fè aktivité-yo yon fason pi éfikas épi onèt. [...] Léta-a doué véyé tou pou-l dirijé aplikasion doua moun-yo nan domèn ékonomik-la ; poutan nan késion sa-a, prémié responsabilité-a sé pa pou Léta-a, min pou chak diféran asosiasion ak group ki konpozé sosiété-a » (CA 48).
- 2432      *Réponsab antrépriz-yo* poté responsabilité ékonomik ak ékolojik aktivité yo dévan sosiété-a (cf. CA 37). Yo gin obligasion pou yo konsidéré byin moun-yo épi pa sèlman ogmantasion profi-a. Minmsi profi sa-yo nésèsè tou. Yo pèmèt investi lajan k-ap asiré avni antrépriz-la. Yo garanti ap gin travay.
- 2433      *Posibilité pou rivé jouinn travay-la (accès au travail)* épi pou gin yon métié-a, yo doué ouvri-l pou tout moun, gason kon fi, kit li an santé kit l-ap soufri yon infinité, kit sé moun péyi kit sé émigré (cf. LE 19 ; 22-23). Bò koté pa-l, sosiété-a, an fonksion sikontans-yo, doué édé sitouayin-yo pou yo rivé jouinn yon travay ak yon okipasion (cf. CA 48).
- 2434      Yon *salè kòrèk (juste salaire)* sé frui légitim travay-la. Réfizé bay li oubiyin kinbé-l kapab tounin yon injistis grav (cf. Lv 19, 13 ; Dt 24, 14-15 ; Jc 5, 4). Pou kalkilé pri travay ki ékitab-la, sé pou yo konsidéré an minm tan békouin ak kontribusion chak moun. « Konsa yo doué péyé travay-la yon fason pou bay moun-nan kapasité pou-l minnin yon lavi ki dign sou plan matérièl, sosial, kiltirèl épi spirituèl, antan yo konsidéré fonksion ak prodiksion chak moun ansam ak kondision antrépriz-la épi byin komin-an » (GS 67, § 2). Akò dé pati-yo konsanti-a pa sifi pou jistifié montan yon salè moralman.
- 2435      *Sispann travay-la* (fè grèv) sé yon bagay ki légitim moralman lè li parèt kòm yon rékou inévitab, oubiyin minm nésèsè, poutèt bénéfis li poté-a. Li vîn pa akséptab moralman lè li akonpagné ak violans oubiyin lè finalité yo ba li-a pa an rapò dirèk ak kondision travay-yo oubiyin lè yo kontrè ak byin komin-an.

2436      Sé yon injistis sa yé pou yo pa péyé òganism sékirité sosial-yo *kotizasyon* otorité léjitim-yo établi-yo.

Lè *pa gin travay* akòz chomaj sé prèské toujou yon mové kou pou dignité moun ki viktim bagay sa-a épi yon ménas pou ékilib lavi-a. An plis domaj pèsonèl moun-nan sibi-a, pliziè danjé vîn soti nan sa pou fanmi-an (cf. LE 18).

## V. Jistis ak solidarité pamí nasion-yo

2437      Nan nivo intènasional, inégalité résous-yo ak mouayin économik-yo tèlman gran, sa provoké yon véritab « dékalaj » ant pèp yo (SRS 14). Sou yon bò gin sa-yo ki posédé mouayin dévelopman-yo épi k-ap grandi, sou lòt bò-a minm sa-yo k-ap anpilé dèt.

2438      *Divès rézon* ki gin karaktè relijié, politik, économik, finansié fè « késion sosial-la kounié-a li konsèné rélasion tout moun-yo ansanm (dimension mondiale) » (SRS 9). Solidarité-a ant pèp-yo sé yon nésésité li yé, yo minm ki déjà dépandan youn dé lòt sou plan aksion politik-yo. Li vîn indispansab minm poutèt yo doué mété baton nan « angrénaj pèvèson » (« mékanism koripsion ») k-ap baré pèp ki mouins avansé-yo (cf. SRS 17 ; 45). Nan plas sistèm finansié k-ap fè abi-yo oubyin k-ap bay kout pongna (usuraire) (cf. CA 35), rapò komèsial ki injis-yo ant pèp-yo, kous pou anpilé zam-nan, yo t-a doué mété éfò y-ap fè ansanm pou mobilisé résous-yo nan diréksion finalité progrè moral, kiltirèl « antan yo rékonsidéré toudabò réalité ki pi inpòtan-yo ak échèle byin-yo jan yo doué konprann yo » (CA 28).

2439      *Nasion ki rich-yo* gin gro responsabilité moral aléga sa ki pa kapab rivé progrésé pou kont yo oubyin ki jouinn anpéchman pou sa akòz trajédi événman istorik-yo. Sé yon dévoua solidarité ak charité ; sé yon dévoua jistis tou si kondision prospérité nasion rich-yo soti nan résous yo pa-t péyé yon fason ékitab.

2440      *Édé dirèktéman* sé yon répons ki adapté pou békouin imédia, ki pa rivé souvan, ki soti parégnanp nan dézas natirèl, épidiemi, etc. Min li pa sifi pou réparé domaj grav ki soti nan sitiasion povrété ni nan prévoua nésésité-yo yon fason k-ap diré. Yo doué *réfòmè institision* économik ak finansié intènasional-yo pou yo kapab fè relasion ékitab-yo avansé pi byin an favè pèp ki mouins dévelopé-yo (cf. SRS 16). Sé pou yo soutni éfò pèp ki pòv-yo k-ap travay pou dévelopman yo ak libération yo (cf. CA 26). Ansègnman sa-a sé pou yo t-a apliké-l yon fason spésial nan domèn travay péyizan-yo. Agrikiltè-yo, sitou nan “tiers monde”-la sé yo sitou ki gran mas pòv-yo.

2441 Fè konpréansion Bondié ak konésans pròp moun-yo grandi, sa fè pati  
 1908 fondman tout *dévelopman intégral sosiété moun-nan*. Dévelopman sa-a fè byin matérièl-yo vîn anpil épi li mété yo osèvis moun-nan ak libète-l. Li diminué mizè-a ak éksplouatasion ékonomik-la. Li fè gin plis réspè pou idantité kiltirèl-yo épi li vîn ouvri pi plis sou transandans-la (cf. SRS 32 ; CA 51).

2442 Sé pa travay Pastè l'Égliz-la pou yo intèvni dirèktéman nan  
 899 konstriksion politik-la ak nan òganisé lavi sosial-la. Fonksion sa-a fè pati vokasian *fidèl layik-yo*, k-ap aji dapré pròp inisiativ-yo ansanm ak konsitouayin yo. Aksion sosial-la kapab pran pliziè chémin konkèr. Li doué toujou fèt pou byin komin-an, pou-l konfòm avèk anons Évanjil-la épi ak ansègnman l'Égliz-la. Sé travay fidèl layik-yo pou yo fè réalité tanporèl-yo maché avèk bon sans dévoua krétyin-an épi pou yo montré lè y-ap fè sa sé témouin ak travayè lapè ak jistis yo yé » (SRS 47 ; cf. 42).

2544-2547

## VI. Rinmin pou pòv-yo

2443 Bondié bénî moun k-ap édé pòv-yo épi li kondané sa-k viré do ba yo : « Moun ki mandé-ou, ba li ; moun ki vlé préte nan min-ou, pa viré do ba li » (Mt 5, 42). « Nou té résévous gratis, sé pou nou bay gratis. » (Mt 10, 8). Sé apati sa yo té fè pou pòv-yo Jézu-Kri ap rékonèt moun pa-l yo li chouazi yo (cf. Mt 25, 31-36). Lè « yo anonsé bòn nouvèl la bay pòv yo » (Mt 11, 5 ; cf. Lc 4, 18), sé sign prezans Kris-la.

2444 « Atachman l'Égliz-la pou pòv-yo [...] toujou kontinué fè pati  
 1716 transmision konpòtman-l yo » (CA 57). Li pran souf inspirasion-l nan Évanjil bératitud-yo (cf. Lc 6, 20-22), nan povrété Jézu-a (cf. Mt 8, 20) nan souin li conn souin pòv-yo (cf. Mc 12, 41-44). Dévouman pou pòv-yo fè pati rézon dévoua pou travay « pou yo jouinn sa pou yo bay moun ki nan bérzin-yo » (Ep 4, 28). Sa pa rété sèlman nan povrété matérièl-la, min li rivé tous nan anpil fòm povrété kiltirèl épi rélijié (cf. CA 57).

2445 Rinmin pou pòv-yo pa kapab maché ak rinmin san kontrol pou richès-  
 2536 yo oubiyin ak sèvi avèk-yo yon fason égoysis :

2547 « An nou ouè koulié-a, rich yo, kriyé, rélé nan mizè nou-yo k-apral rivé sou nou-yo. Richès nou-yo ap pouri ; rad nou-yo, sé lagal k-ap manjé yo. Lò nou ak lajan nou ap rouyé, larou yo-a ap sèvi témouin kont nou, l-ap manjé chè nou tankou difé. Sé kòlè nou ranmasé nan magazin pou pròp tèt-nou pou dènié jou yo. Min pri travay ouvriyé-yo, ki té fè rékòlt jadin nou-yo, sa nou té vòlè-a, min l-ap rélé, épi rèle yo antré nan zòrèy Granmèt lamé-yo. Nou fè ré-sépsion sou tè-a, nou bay kè-nou manjé nan konduit déréglé nan jou nou touyé-a. Nou arété sa-a ki kòrèk-la, nou touyé-l, li pa rezisté nou » (Jc 5, 1-6).

2446 Sin Jan Krizostòm raplé sa ak fòs : « Lè nou pa bay pòv-yo nan byin nou-yo sé vòlè n-ap vòlè yo épi sé lavi yo n-ap pran ; [...] sa nou ginyin-

2402 yo sé pa pou nou, sé pou yo li yé » (Laz. 1, 6 : PG 48, 992D). « Sé pou yo satisfé égzijans jistis-la an prémié, pou nou pa ofri tankou charité sa nou déja doué kòm jistis » (AA 8) :

« Lè nou bay pòv-yo ninpòt sa ki nésessè, sé rinnèt nou rinnèt yo sa-k pou yo, sé pa lajès n-ap fè ak sa-k pou nou ; sé pi plis yon dévoua jistis nou akonpli passé yon travay mizérikòd nou fè » (S. Grégoire le Grand, past. 3, 21).

2447            *Travay mizérikòd*-yo sé aksion lacharité nou fè pou édé prochin nou  
 1460            nan nésesité kò-*yo* ak léspri-*yo* (cf. Is 58, 6-7 ; He 13, 3). Instrui, bay  
 1038            konsèy, konsolé, rékonfòté, sé travay mizérikòd spirituèl, tankou padoné  
 1969            épi sipòté ak pasians. Travay mizérikòd kòporèl-*yo* sé sitou bay sa-k  
 grangou-*yo* manjé, résévoua sa-k pa gin kay pou rété, abiyé sa-k pa gin  
 rad, vizité malad-*yo* ak prizonié-*yo*, antéré mò-*yo* (cf. Mt 25, 31-46).  
 Pami travay sa-*yo*, lacharité yo fè pòv-*yo* (cf. Tb 4, 5-11 ; Si 17, 22) sé  
 youn nan témouagnaj prinsipal charité fratènèl-la : sé yon pratik jistis tou  
 ki fè Bondié plézi (cf. Mt 6, 2-4) :

1004            « Moun ki gin dé chémiz, sé pou-l bay sa-k pa ginyin ; moun ki gin manjé,  
 sé pou-l fè minm jan » (Lc 3, 11). « Vrèman fè charité ak sa nou gin ki trop,  
 épi tout bagay ap vîn nèt pou nou » (Lc 11, 41). « Si yon frè ak yon sè nu-kò,  
 yo pa gin manjé chak jou, épi youn nan nou di yo : « Alé byin trankil, chofé  
 kò nou, manjé vant plin » ; épi nou pa ba yo sa-k nésesè pou kò-a, sa sa ap  
 sèvi ? » (Jc 2, 15-16 ; cf. 1 Jn 3, 17).

2448            « Mank ekstrèm parapò a byin matérièl-*yo*, krazé lòt-*yo* injistéman,  
 886            maladi fizik ak mantal, épi anfin lanmò-a, yo tout sé sign *mizè moun-nan*  
 1586            ki montré aklè kondision féblès orijinèl li-a koté moun nan tonbé apré  
 prémié péché Adan-an, konsa tou yo sé sign nésesité sové li doué sové-a ;  
 sé *mizè sa-yo* ki atiré mizérikòd Kris Sovè-a, ki té vlé poté yo antan li  
 idantifié pròp tèt-li ak « pi pitit nan frè-l yo » (Mt 25, 40, 45). Sé poutèt sa  
 l'Égliz-la gin yon *amou préféransièl* pou moun-*yo* *mizè-a* frapé-a ki fè  
 dépi nan kòmansman-l, malgré péché anpil nan manb li-*yo*, li pa janm  
 sispann travay pou-l konsolé yo, défann yo, libéré yo. Li fè sa avèk  
 mouayin byinfézans yo pa kapab konté ki toujou nésesè toupatou » (CDF,  
 instr. "Libertatis conscientia" 68).

2449            Dépi nan Ansyin Téstaman-an, diféran tip dispozision jiridik (ané rémission, intèdiksion préte ak intérè épi kinbé gaj, obligasion pou bay ladim, bay travayè-a salè-l chak jou, doua pou grapiyé épi ranmasé zépi ki tonbé) té korésponn ak indikasyon Détéronòm-nan : « Sèké pap manké pòv sot  
 nan zantray péyi-a, sé pousta mouin minm mouin pasé-ou lòd pou ouvri  
 min-ou bay frè-ou la ki nan békouin-an épi pòv-la k-ap viv avè-ou nan  
 péyi-ou la » (Dt 15, 11). Jézu pran paròl sa-a pou li : « Pòv yo réyèlman,  
 sé tout tan n-ap ginyin yo avèk nou, kanta mouin minm, nou pap ginyin-m  
 tout tan » (Jn 12, 8). Li pa fè fòs ansyin paròl-*yo* tonbé pou sa : « n-ap

1397 vann moun ki fèb yo pou lajan, ak maléré-a pou yon pè sapat » (Am 8, 6), min li invité nou rékonèt prezans-li nan pòv-yo ki frè li (cf. Mt 25, 40) :

786 Jou manman-l té fè-l répròch poutèt li t-ap résévoua pòv ak moun malad nan kay-la, sint Roz de Lima té réponn li : « Nou sé bon lodè Kris-la lè n-ap sèvi malad-yo » (Vita).

### RÉZIMÉ

- 2450 « *Pa vòlè* » (Dt 5, 19). « *Ni moun k-ap vòlè, ni moun ki rinmin lajan, [...] ni moun k-ap pran byin lòt moun yo, yo pap posédé péyi-roua Bondié-a* » (1 Co 6, 10).
- 2451 *Sétièm kòmandman-an mandé pou pratiké jistis-la ak charité-a nan administré byin tè-a ak frui travay moun-yo.*
- 2452 *Byin kréasion-an la pou tout ras moun-nan. Doua pou gin propriété privé-a pa éliminé déstinasion inivèsèl byin-yo.*
- 2453 *Sétièm kòmandman-an intèdi vòlè. Vòl-la sé pran byin yon lòt moun kontrèman ak volonté rézonab mèt-li.*
- 2454 *Kèlkésoua fason yo pran byin yon lòt moun oubyin yo sèvi ak li injistéman, sa kontrè ak sétièm kòmandman-an. Injistis yo fè-a égzijé réparasian. Jistis komutativ-la égzijé réstitision byin yo té vòlè-a.*
- 2455 *Laloua moral-la intèdi aksion k-ap fèt poutèt finalité kòmèsial oubyin totalitarism, ki minnin nan rédui moun-yo nan ésklavaj, nan achté yo, vann yo épi troké yo tankou machandiz.*
- 2456 *Dominasion Kréatè-a bay moun-nan sou résous minéral, véjétal épi animal tout inivè-a, yo pa kapab séparé-l ak réspè obligasian moral-yo, ki gin ladan yo sa-k konsèné jénérasion k-ap vini-yo.*
- 2457 *Yo konfié moun-nan bêt-yo pou-l pran souin yo ak byinvéyans li doué yo-a. Yo kapab sèvi pou satisfaksion bézouin moun-nan yon fason ki kòrèk.*
- 2458 *L'Égliz-la bay jijman-l sou réalité ékonomik ak sosial-la, lè doua fondamantal moun-nan oubyin salu nanm-yo égzijé sa. Li pran souin byin komin tanporèl moun-nan poutèt yo orianté nan diréksion Byin ki pi ro-a, dènié aboutisman nou.*
- 2459 *Sé moun-nan minm ki produktè, ki pouin santral épi ki aboutisman tout lavi ékonomik ak sosial-la. Chapit ki pi inpòtan nan késion sosial-la sèké pou byin-yo Bondié kréyé pou tout moun-yo rivé jouinn tout moun-yo vré, dapré jistis-la ak konkou charité-a.*

- 2460     *Prémié valè travay-la dépann dé moun-nan ki fè-l épi ki déstinatè-l. Ak travay-li, moun-nan patisipé nan travay kréasion-an. Travay-la, lè-l fè youn ak Kris-la, kapab édé pou rédanmsion-an.*
- 2461     *Véritab progrè-a sé lè moun-nan toutantié fè-l intégralman. Késion-an sé ogmanté kapasité chak moun pou-l réponn nan apèl li résévoua-a, sètadi réponn Bondié k-ap rélé-l la (cf. CA 29).*
- 2462     *Bay pòv-yo lacharité sé yon témouagnaj rinmin krétyin-an : sé yon pratik jistis-la ki fè Bondié plézi.*
- 2463     *Nan kantité moun yo Bondié kréyé-yo ki san manjé, san kay, san yon koté, kòman pou nou pa rékonèt Lazar, moun k-ap mandé charité ki grangou nan parabòl-la (cf. Lc 17, 19-31) ? Kòman pou-n pa tandé Jézu : « Sé pou mouin minm tou nou pa-t fè-l » (Mt 25, 45) ?*

[◀Atik  
anvan-an](#)

[Gid jénéral-la](#)

[Atik►  
apré-a](#)